



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU DRAPO YO FLOTE A DEMI MA POU OBSÈVE
22ÈM ANIVÈSÈ 09/11**

16 moniman istorik nan Eta a ak pon yo pral limen an ble

Gouvènè Hochul, te anonse jodi a ke drapo yo sou bilding gouvènman eta yo pral flote a demi ma nan lendi 11 septanm nan memwa sila yo ki te pèdi lavi yo nan jou sa 22 ane de sa. Gouvènè a te anonse tou ke 15 moniman istorik ak pon eta yo pral limen an ble an rekonesans ak 22èm anivèsè a.

"22 ane de sa, nasyon nou an te chanje pou tout tan pa yon zak lach laterè ki te retire lavi plizyè milye Ameriken inosan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo kanpe ini nan lapenn nou pou moun nou te pèdi yo, epi nan rekonesans nou anvè premye sekouris yo ak lòt ewo nan jou sa a. Nou p ap janm bliye".

Moniman istorik nan Eta a ak pon ki pral limen yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Biwo Leta Bilding Alfred E. Smith la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- MTA Long Island Rail Road - Pasrèl nan Pwent Lès nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.
- Moynihan Train Hall

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)